

GEURITAN

Gladhen

A. Basa Sastra jroning Teks kang Awujud Geguritan

Dening: Irul Budianto

Kapethik saka "Panyebar Semangat" Nomer 48, 30-11-2019

1. Catheten tembung-tembung sing kokanggep angel, banjur terangna tegese. Yen ora bisa dhiskusekna karo kancamu, dene yen tetep ora bisa nyuwuna pira marang gurumu!
2. Jelasna utawa critakna isine geguritan ing ndhuwur nggunakake basamu dhewe!
3. Miturut panemumu, endahe geguritan ing ndhuwur dumunung ing ngendi utawa apane sing njalari geguritan ing ndhuwur krasa endah.

B. Basa Sastra jroning Teks kang Awujud Crita Wayang

Begawan Durna sumela, "Lole-lole sama lole sama rante, dhukneng dupa alas dadi wana, wana dadi alas. Ngger Dursasana, wong ketemu wae durung kok njaluk dirabekne? Njur mengko yen ditampik piye, coba? Dursasana, ngimpi iku mung kembange wong turu. Aja banget-banget anggonmu mikir, Dursasana. Sabab yen keladuk anggonmu mikir impen, ora wurung ndadekake kenthir. Umpamaa mengko cabar nyandhing Trirasa, Banjarjunut kana takkira ora kurang wanodya kang sulistya ing warna, Dursasana."

"Waa ... boten saget Bapa Durna. Sabab kula sampun kebacut tresna dhateng Dewi Trirasa kalawau, Bapa. Kedah rabi poko." "

"Mangka iki lakone dudu rabiné Dursasana, Dur," panyaruwene Patih Harya Suman karo mesem.

"Yayi Prabu Duryudana, Bapa Durna, miwah Paman Sengkuni. Nuwun sewu, keparenga, rakanta ing Ngawangga sumela atur. Yayi, pertapan Candhiatar punika mapan ing sukunipun redi Mahendra. Manut pawartos ingkang kabekta dening mbok bakul sinambiwar, wekdal samangke Dewi Trirasa pasang giri patembaya. Suraosing patembaya, sok sintena ingkang badhe nggarwa Dewi Trirasa syaratipun kedah saget ngasoraken sardula ingkang bangkit tata jalma, panggraitane datan benèh manungsa. Sardula kalawau boten sanes ugi ingon-ingonipun Dewi Trirasa," ujare Narpati Basukarna.

Analisisen basa sing digunakake jroning teks crita wayang ing ndhuwur sarana mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Catheten tembung-tembung sing kokanggep angel, banjur terangna tegese. Yen ora bisa dhiskusekna karo kancamu, dene yen tetep ora bisa nyuwuna pirs marang gurumu!
2. Apa sing dikarepake tembung sumela?
3. Ukara "Lole-lole sama lole sama rante, dhukneng dupa alas dadi wana, wana dadi alas" jroning pewayangan iku ciri khas sing mesthi diucapake tokoh wayang sapa?
4. Sapa sing kepengin rabi lan sapa sing kepengin dirabi?
5. Adhedhasar apa pepenginan anggone rabi?
6. Geneya kekarepane Dursasana kok ora kena dipenggak?
7. Dewi Trirasa iku papan dununge apa ing ngendi?
8. Apa sing dikarepake tetembungan "pasang giri patembaya"?
9. Apa isine patembaya sing dikarepake dening Dewi Trirasa?
10. Apa sing dikarepake tetembungan "sardula ingkang bangkit tata jalma"?
11. Apa tegese tetembungan "panggraitane datan benèh manungsa"?
12. Miturut panemumu, endha crita wayang ing ndhuwur dumunung ing ngendi utawa apane sing njalari crita wayang ing ndhuwur krasa endah?

TEMBANG

C. Basa Sastra jroning Teks kang Awujud Tembang

KINANTHI

Yen wis tinitah wong agung,
aja sira nggunggung dhiru,
aja leket lan wong ala,
kang ala lakunireki,
nora wurung ngajak-ajak,
satengah anunulari.

Analisisen basa sing digunakake jroning teks tembang ing ndhuwur sarana mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Catheten tembung-tembung sing kokanggep angel, banjur terangna tegese. Yen ora bisa dhiskusekna karo kancamu, dene yen tetep ora bisa nyuwuna pirs marang gurumu!
2. Jelasna utawa critakna isine tembang ing ndhuwur nggunakake basamu dhewe!
3. Miturut panemumu, endahe tembang ing ndhuwur dumunung ing ngendi utawa apane sing njalari tembang ing ndhuwur krasa endah?

PRANATACARA

D. Basa Sastra sing Digunakake dening Pranatacara

Pranatacara nalika miwiti sawijine adicara

Kawula nuwun,

Sanggyaning para tamu kakung sumawana putri ingkang winantu ing karaharjan. Kula ingkang nampi jejibahan minangka juru pranatawara adicara pawiwahan ing wanci menika kepareng ngaturaken pambagya "sugeng rawuh". Mugi kasecekakna anggenipun sami lelenggahan anengga titi wanci upacara pawiwahan kawiwitan.

Ngiras pantes nengga tumapaking adicara pawiwahan keparenga kula ngaturaken rantaman urut-urutaning lampah adicara ing wekdal menika (Lajeng maosaken "Lampah-lampahing adicara Pawiwahan").

Mekaten menggah rancangan ingkang sampun rinacik, wusana kasecekakna anggenipun lelenggahan sinambi midhangetaken pangeliking waranggana nut wiramaning gendhing. Nuwun.

Pranatacara nalika ngaturi paraga ingkang badhe nindakaken atur pambagyaharja

Para rawuh sumawana putri ingkang kinurmatan.

Inggih awit saking rawuh panjenengan sami, panjenenganipun Bapa Sunaryoto sekalian prasasat karoban ing sih. Mongkog gambiraning manah tan bisa cinandra, saengga legeg lir tugu sinukarta, boten saged matur punapa-punapa. Ingang punika angawe panjenenganipun Bapa Siswanto kinen anyulih matur wonten ngarsaning para tamu. Pramila saking punika panjenenganipun Bapa Siswanto kepareng badhe matur ngaturaken pambagya wilujeng rawuhipun para tamu sekalian. Jumenengipun Bapa Siswanto haapit panjenenganipun Bapa Sunaryoto dalasan Ibu Sunaryoto.

Nalika atur pambagyaharja

Tata, tatas, lan titis boten wonten ingkang cicir atur pangandika panjenenganipun Bapa Siswanto ingkang minangka sulih sariranipun panjenenganipun Bapa Sunaryoto sarimbit. Ing wasana dhumateng para rawuh kasecekakna anggenipun lelenggahan kanthi mandikaning penggalih.

Analisisen basa sing digunakake pranatacara jroning teks ing ndhuwur sarana mangsuli pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Catheten tembung-tembung sing kokanggep angel, banjur terangna tegese. Yen ora bisa dhiskusekna karo kancamu, dene yen tetep ora bisa nyuwuna pirsu marang gurumu!
2. Apa tegese ukara "Sanggyaning para tamu kakung sumawana putri ingkang winantu ing karaharjan"?
3. Terangna tegese ukara "Kula ingkang nampi jejibahan minangka juru pranatawara adicara pawiwahan"?
4. Apa tegese tetembung "nengga tumapaking adicara pawiwahan"?
5. Apa tegese tetembungan "pangeliking waranggana nut wiramaning gendhing"?
6. Apa tegese tetembungan "prasasat karoban ing sih"?
7. Terangna tegese tembung "kinen anyulih"?
8. Terangna tegese ukara "tata, tatas, lan titis"?
9. Terangna tegese tembung "sulih sariranipun"?
10. Miturut panemumu, endahe basa sing digunakake pranatacara ing ndhuwur dumunung ing ngendi utawa apane sing njalari tembung-tembung ing ndhuwur krasa endah?

KOTAK WANGSULAN GEGURITAN



KOTAK WANGSULAN CRITA WAYANG

KOTAK WANGSULAN TEMMBANG

KOTAK WANGSULAN PRANATAcara